

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kasang tukang dina ieu panalungtikan nyaéta ayana pasualan-pasualan anu nyampak dina karya sastra. Nilik kana ulikan féminisme, hal-hal anu nyangkaruk dina ieu panalungtikan téh ngeunaan pasualan idéologi, utamana pasualan dina citra wanoja. Dina pasualan citra wanoja tangtu kudu bisa maham kana struktur caritana. Ku kituna ieu panalungtikan ogé medar struktur caritana. Hal-hal anu dipaluruh jeung ditalungtik dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia nyaéta ngeunaan (1) struktur carita dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan*, (2) babandingan aspék-aspék palaku utama dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* kayaning aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang, aspék pakasaban, jeung aspék tokoh tambahan lalaki, (3) babandingan citra wanoja dina palaku utama novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* kayaning citra fisik, citra psikis, kalungguhan citra wanoja di kulawarga, jeung kalungguhan citra wanoja di masarakat. Téori anu digunakeun nyaéta téori struktur carita Robert Stanton, ogé téori ngeunaan féminis idéologi ngeunaan citra wanoja nu dipasing-pasing kana sababaraha aspek ku Sugihastuti. Méthode anu digunakeun nyaéta méthode déskriptif analitik anu ngadéskripsikeun pasualan-pasualan dina sumber data panalungtikan. anapon sumber data panalungtikanna nyaéta novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

Struktur carita dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana sastra (judul jeung puseur implengan). **Téma** dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* nyaéta kanyeri haté dina rumah tangga sabab pihak lalaki ngabohong pikeun nyandung. Kaputusan nu dicokot ku tokoh Astri jeung Arini nyaéta ihlas jeung rido narima takdir yén dirina dicandung. Luyu jeung téori Robert Stanton, fakta carita dimimitian ku galur. **Galur** nu digunakeun ku pangarang dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* nyaéta galur campuran atawa mobok tengah.

Pangarang ngagambarkeun kajadian anu baheula atawa nyawang ka tukang tur balik

173

deui kana implengan nu ayeuna. **Palaku** anu kapaluruh dina novel *Puputon* jumlahna aya 29 palaku. Aya dua palaku utama nyaéta Astri jeung Mamay sarta palaku tambahanna aya 27 nyaéta Ismet, Ati, Bibi Omah, Tukang Béca, Bi Irah, Wa Ganda, Indung Astri, Indung Ismét, Ceu Entin, Pa Béhi, Anto, Sylvia, Mimi, Néni, Pipin, Vina, Déni, Lilis, Sirod, Nani, Rudy, Lina, Wita, Kandar, Lasmi, Bidan Sutijah, Suster Émi. Upama palaku anu kapaluruh dina novel *Surga yang Tak Dirindukan* jumlahna aya 24 palaku. Palaku utamana nyaéta Arini jeung Mei Rose sarta palaku tambahanna aya nyaéta Mas Putra, Andika Prasetya, Indung Arini, Bapa Arini, Mei Rose, A-Ie, Lia, Lulu, Sita, Nadia, Adam, Putri, Ratih, Abang, Amran, Hartono, Ray, Mba Hani, Bambang, Pa Deden, Lolita, Mamiék, Luki Hidayat, jeung David. **Latar** anu kapaluruh dina novel *Puputon* nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat anu kapaluruh jumlahna aya 25 tempat, latar waktu jumlahna aya 7, jeung latar sosial anu kagambar nyaéta kahirupan masarakat anu nyangking atikan (guru), kahirupan masarakat anu nyangking atikan (kantor), kahirupan masarakt kelas luhur, jeung kahirupan masarakt kelas handap. Latar anu kapaluruh dina novel *Surga yang Tak Dirindukan* nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat anu kapaluruh jumlahna aya 21 tempat, latar waktu jumlahna aya 47, jeung latar sosial anu kagambar nyaéta kahirupan masarakat anu nyangking atikan (dosén), kahirupan masarakat anu nyangking atikan (penulis), kahirupan masarakt kelas luhur, jeung kahirupan masarakt kelas handap. Tur dipungkas ku sarana sastra nyaéta judul jeung puseur implengan. **Judul** dina dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* saluyu jeung eusi carita nu ditulis ku pangarang. **Puseur implengan** dina dua novel ieu ngagunakeun puseur sawangan jalma katilu jalma teu kawatesanan.

Babandingan aspék-aspék palaku utama wanoja dina novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* kapaluruh ayana aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang sosial, aspék pakasaban, jeung aspék tambahan tokoh lalaki. Kahiji, aspék fisik tokoh Astri jeung Arini nyaéta wanoja anu geulis. Aspék watek tokoh Astri nyaéta sabar, boga pamikiran anu biasa, jeung ogoan, sedengkeun tokoh Arini nyaéta

sabar, boga pamikiran kritis, jeung mandiri. Aspék kasang tukang sosial tokoh Astri turunan ménak, awéwé biasa, kembang désa, jeung wanoja perceka, sedengkeun tokoh Arini nyaéta turunan ménak, resep kana carita dongéng, awéwé jalingkak, jeung wanoja rancagé. Aspék pakasaban tokoh Astri salaku ibu rumah tangga, ari tokoh Arini salaku panulis buku. Pamungkas, aspék tambahan tokoh lalaki nu deukeut jeung tokoh Astri nyaéta Ismét. Sedengkeun aspék tambahan tokoh lalaki nu deukeut jeung tokoh Arini nyaéta Andika Prasetya jeung Bapa.

Babandingan citra wanoja dina palaku utama novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* ngawengku citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, kalungguhan wanoja di kulawarga, jeung kalungguhan wanoja di masarakat. Citra fisik wanoja anu kapaluruh nyaéta wanoja anu sampurna. Citra psikis wanoja anu kapaluruh nyaéta ngarandapan kaayaan batin, rasa kahariwang, bajoang pikeun hak-na, jeung wanoja anu kuat jeung wijaksana. Kalungguhan citra wanoja di kulawarga tokoh Astri jeung tokoh Arini nyaéta wanoja anu silih tulungan. Salian ti éta, kalungguhan citra wanoja di masarakat kana ieu tokoh Astri jeung tokoh Arini; kaasup wanoja anu mibanda sikep nu hadé.

Tina sagemblengna kacindekan bisa disebutkeun yén novel *Puputon* jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* mangrupi téks féminis anu miboga struktur kalintang hadéna. Salian ti éta méré conto ka kaum wanoja dina nyanghareupan pasualanpasualan kahirupan, sangkan jadi wanoja anu kuat jeung mandiri.

5.2 Implikasi

Implikasi ieu panalungtikan anu medar hasil analisis struktur jeung féminis idéologis anu museur kana aspék babandingan jeung citra wanoja dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadi, nyaéta dipiharep bisa ngaronjatkeun jeung méré référénsi panalungtikan ngeunaan sastra, hususna dina kritik féminis idéologis (citra wanoja).

5.3 Rékomendasi

Ieu hasil panalungtikan, kapaluruh ayana sawatara rékomendasi nu ditujukeun pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan ditujukeun pikeun panalungtik jeung masarakat umum.

Panalungtik satuluyna hususna dina widang sastra, dipiharep pikeun ngaguar ambahanana leuwih lega jeung maké téori nu séjén. Utamana ulikan féminisme, pikeun panalungtik dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu panalungtikan, minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar. Dipiharep pihak séjén, salah sahijina masarakat bisa gawé bareng dina ngaronjatkeun sikap gotong royong, emansipasi wanoja jeung budaya literasi.